



SUMATIF AKHIR SEMESTER (SAS)

SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS" KRIAN

TAHUN AJARAN 2023-2024



Nama :
Kelas :
No absen :
Hari/Tanggal : Senin, 04 Desember 2023
Waktu : 09.00 – 10.30 (90 menit)

Petunjuk Pengerjaan :

1. Isikan nama, kelas, dan nomor Anda di tempat yang telah disediakan pada dashboar soal!
2. Kerjakan soal PG *online* melalui android atau laptop yang tersambung dengan jaringan internet!
4. Periksalah kembali dan pastikan seluruh pertanyaan terjawab sebelum dikirimkan!
5. Kirimkan jawaban Anda maksimal 5 (lima) menit sebelum waktu mengerjakan selesai!

I. Pilihlah salah siji jawaban sing bener!

SAMPAH ORGANIK RAMAH LINGKUNGAN

1. Ngrembag babagan sampah ora bakal bisa uwal saka panguripane manungsa. Manungsa bakal ngalisake sampah saben dinane. Mligine ing negara berkembang kang saperangan gedhe masyarakate dhurung sadhar ngenani bebayane sampah tumrap kalestarene lingkungan. Manut jinise , sampah organik mesthine wis asring dirungokake nanging isih akeh sing dhurung mangerteni kanthi cetha apa kang diarani sampah jenis iki. Sampah organik minangka salah sawijine sampah kang asale saka molekul organik, tuladhane yaiku seko sampah panganan, saperangan jinis tanduran, lan limbah saka kewan. Sampah organik yaiku sampah kang asale saka bahan-bahan kang ngalami dekomposisi, pelapukan, utawa penguraian kanthi alami. Saliyane lumantar penguraian alami, dan penguraian sampah organik uga bisa ditindakake kanthi campur tangan manungsa lumantar saperangan cara.
2. Sampah organik isih diperang maneh dadi loro yaiku sampah organik basah lan sampah organik kering. Sampah organik basah yaiku sampah alami yang kandhutan banyune dhuwur. Jinis sampah iki luwih cepet bosok lan terurai kanthi alami tinimbang sampah organik kering. Proses pembusukan disebabake dening factor kelembapan sing dhuwur. Tuladha sampah organik basah yaiku sisa sayuran lan who-wohan. Dene sampah organik kering yaiku sampah alami sing kandhutan banyune sethithik. Tuladha sampah organik kering yaiku pang wit-witan lan godhong-godhong garing. Proses penguraian sampah jinis iki luwih suwe tinimbang sampah organik basah.

3. Produksi sampah sing sangsoyo dhuwur bisa nyebabake pencemaran lingkungan. Mula, diprelokake pengolahan sampah kanthi cara sing trep. Pengolahan sampah lumrahe ana patang cara, ing antarane yaiku *reduce*, *reuse*, *recycle*, lan *replace*. Cara sepisan *reduce*, yaiku pengolahan sampah kanthi cara nyuda cacahe (volume) sampah kang diasilake saka aktivitas manungsa saben dinane, tuladhane kayata yen ngombe ora usah nganggo sedotan, yen tuku panganan lan ngombe nggawa wadhah dhewe, lsp. Cara kapindho *reuse*, yaiku nggunakake maneh sampah kanggo kaperluwan saben dinane, tuladhane kayata mupangake botol banyu kemasan minangka pot kembang. Cara katelu *recycle*, yaiku daur ulang sampah sing diolah dadi barang anyar, tuladhane sampah tekstil awujud kain perca tinimbang diguwang lan dadi sampah luwih becik diolah maneh dadi klambi utawa kerajinan tangan kayata tas, kotak tisu, taplak meja, lsp. Cara kaping papat *replace*, yaiku pengolahan sampah supaya nduweni nilai guna kang luwih becik tuladhane kayata ngolah sampah organik dadi pupuk kompos kang migunani tumrap tanduran.
1. Wacan ing dhuwur kalebu jinise....
 - a. Teks pewara
 - b. Teks asli observasi
 - c. Teks tanggap wacana
 - d. Teks pelaporan kegiatan
 2. Tema kang trep kanggo teks ing dhuwur, yaiku....
 - a. Sampah organik
 - b. Lingkungan hidup
 - c. Karesikan lingkungan
 - d. Kalestarene lingkungan
 3. Manut jinise, sampah kaperang dadi....
 - a. Loro
 - b. Telu
 - c. Papat
 - d. Lima
 4. Bab-bab ngenani sampah organik manut wacan ing dhuwur, kajaba....
 - a. Sampah organik minangka salah sawijine sampah kanga sale saka molekul organik.
 - b. Penguraian sampah organik uga bisa ditindakake kanthi campur tangan manungsa lumantar saperangan cara.
 - c. Penguraian sampah organik ora bisa ditindakake kanthi campur tangan manungsa lumantar saperangan cara
 - d. Sampah organik, yaiku sampah kanga sale saka bahan-bahan kang ngalami dekomposisi, pelapukan, utawa penguraian kanthi alami.
 5. Ing ngisor iki kang dudu kalebu cara pengolahan sampah yaiku....
 - a. Reuse
 - b. Relation
 - c. Recycle
 - d. Replace
 6. Gagasan baku kang kinandhut ing paragraph kang 2 wacan ing dhuwur, yaiku....
 - a. Jinise-jinise sampah organik

- b. Dampak positif saka sampah organik
 - c. Cara pengolahan sampah organik kang trep
 - d. Sampah organik kaperang dadi loro, yaiku sampah organik basah lan sampah organik kering
7. Manut wacan ing dhuwur kang kinandhut definisi umum, yaiku ing
- a. Paragraf ka-1
 - b. Paragraf ka-2
 - c. Paragraf ka-3
 - d. Paragraf ka-4

Wacan kanggo nomer 8-12

Program kegiatan adiwiyata iku mujudake kerja bareng antarane Kemendikbud karo Kementrian Lingkungan Hidup ing babagan warga sekolah nduweni rasa peduli marang kalestiane lingkungan. Program iki dianyari maneh taun 2005. Taun 2006 Kementrian Negara Lingkungan Hidup ngembangake program pendhidhikan dhasar lan menengah lumantar program adiwiyata mujudake sawijine program kang duwe tujuwan kanggo mujudake warga sekolah sing nduweni tanggung jawab marang rasa tresna lan open marang lingkungan lumantar program-program kegiatan ing sekolah.

Pangaji-ngaji adiwiyata mujudake pangaji-aji sing diwenehake marang sekolah-sekolah sing dianggep wis kasil ndhidhik para siswa lan warga sekolah kang dhuweni rasa tanggung jawab marang kalestarene lingkungan. Pambiji ngenani sekolah adiwiyata mawa lelandhasan patang ukuran, yaiku pengembangan kebijakan sekolah peduli dan berbudaya lingkungan, pengembangan kurikulum berbasis lingkungan, pengembangan kegiatan berbasis partisipatif, lan pengelolaan dalasan pengembangan sarana pendukung sekolah.

- 8. Program adiwiyata mujudake program pemerintah tumrap sekolah sing....
 - a. ora seneng karo kalestarene lingkungan
 - b. kepingin dadi sekolah taraf internasional
 - c. pedhuli marang kalestarene lingkungan
 - d. pedhuli marang bocah-bocah sing mlarat
- 9. wiwitane program adiwiyata iku dikembangake ing sekolah-sekolah tataran.....
 - a. pra sekolah lan dhasar
 - b. dhasar lan lanjutan
 - c. lanjutan lan tinggi
 - d. dhasar lan menengah
- 10. program adiwiyata nduweni tujuwan kanggo mujudake warga sekolah sing nduweni....
 - a. rasa tresna asih marang sapepadhane
 - b. tanggung jawab kanggo golek ngelmu
 - c. rasa tresna mring kalestarene lingkungan
 - d. rasa kurmat marang guru lan kepala sekolah
- 11. Pangaji-aji adhiwiyata mujudake pangaji-aji sing diwenehake marang sekolah-sekolah sing dianggep wis kasil ndhidhik para siswa lan warga sekolah kang duweni rasa tanggung jawab marang.....
 - a. kepinterane akadhemic
 - b. kelasterane lingkungan

- c. prestasi non akademik
 - d. pendidikan budi pekerti
12. pambiji ngenani sekolah adiwiyata mawa lelandhasan....
- a. pengembangan kebijakan sekolah ing babagan budi pekerti
 - b. pengembangan kurikulum sekolah berbasis lingkungan
 - c. pengembangan kegiatan sekolah berbasis masyarakat
 - d. pengembangan sarana pendhidhikan berbasis teknologi
13. Ing ngisor iki sing klebu perangan struktur dheskripsi bagean / klasifikasi, yaiku
- a. Mesin Albakos iki dirancang dhewe dening Pak Budi. Perangan mesin ana 4 komponen utama. Yaiku tabung kanggo wadah pembakaran (wujud kaya roket, kanthi tutup kerucut tumeng), ruang compres lan uga dadi pangadheme, blower (kipas angin), lan kompor kanggo metune murube gas. Saben komponen kuwi disambungake karo pipa.
 - b. Uwuh iki bisa kaperang dadi telu, yaiku kanthi didhaur ulang, didadekake kompos, lan didadekake barang dadi utawa barang kerajinan. Ngupaya uwuh kanthi dhaur ulang biasane awujud uwuh sing arupa uwuh anorganik.
 - c. Miturut Rudi, mesin kuwi ana 2 tipe, yaiku tipe cilik lan gedhe. Tipe cilik kanthi daya listrik watara 60 watt, lan bisa nampung sampah garing watara 5 kg. Bisa ngasilake gas murup tekan 2 jam. Albakos tipe cilik iki didol kanthi rega Rp. 4 juta sa-pakete, saengga wis dadi mesin komplit sakompore.
 - d. Usaha home industri utawa indhustri omahan mujudake salah sijine indhustri sing ora mbutuhake modhal sing gedhe. Indhustri omahan luwih asring minangka wujud saka bisnis sampingan.
14. perangan teks kang isine ngandharake pangerten sawijine objek kang diamati/ditaliti diarani
- a. dhefinisi umum
 - b. dheskripsi bagian
 - c. dheskripsi manfaat
 - d. dheskripsi umum
15. perangan teks kang isine ngandharake paedah saka objek kang diamati/ditaliti diarani.....
- a. dhefinisi umum
 - b. dheskripsi bagian
 - c. dheskripsi manfaat
 - d. dheskripsi umum
16. sawijine pengamatan kang panilitine utawa pengamate(observer) melu ing kegiatan pengamatan diarani....
- a. observasi partisipatif
 - b. observasi nonpartisipatif
 - c. observasi langsung
 - d. observasi ora langsung
17. struktur teks asil observasi kang mujudake andharan umum ngenani teks asil observasi diarani.....
- a. Pambuka
 - b. Isi
 - c. Panutup

d. saran

18. ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung kahanan yaiku....

- a. manuke dara mabur dhuwur
- b. kodhoke oleh mencolot adoh
- c. adhikku playune banter banget
- d. dhik hari olehe mangan suwe

Wacanen kang premati cuthelan teks drama ing ngisor iki.

Mbok Randha lan sadulur Kleting ora seneng yen Kleting Kuning melu sayembara. Mula, Kleting Kuning diutus mbok Randha lan sadulure Kleting kanggo ngumbahi klambi ing kali.

Mbok Randha : Kleting Kuning, mrenea!

Kleting Kuning: Wonten napa, Mbok?

Mbok Randha : Kumbahen klambi iki kabeh, sadurunge bedhug kudu uwes mari.

Kleting Kuning: Niki kathah sanget, Mbok.

Mbok Randha : Ora usah *protes*, sarampunge umbah-ubah, age-age masak banjur menyang tegalan undhuh kacang. Aku arep menyang kutha karo para Kleting kanggo melu sayembara. Awas, yen mengko penggaweyanmu ora rampung!

Kleting Kuning: Nanging, Mbok?

Mbok Randha : Apa njaluk daktambahi maneh penggaweyanmu?

Kleting Kuning: Boten, Mbok.

Kleting Kuning nangis

Kleting Kuning: Duh Gusti, kados mekaten nasib kula. Simbok lan Mbakyu Kleting saben dina mung nyiksa aku. Kabeh pakaryan aku sing ngrampung. Masak, umbah-ubah, uga menyang tegalan ya mung aku sing nyandhak. Paringi kula sabar, Gusti, ugi paringi kula dalan saget tumut sayembara.

19. Saking punggulan drama ing inggil, Mbok Randha niku minangka paraga

- a. Epilog
- b. Prolog
- c. Antagonis
- d. Protagonis

20. Latar sawasana punggulan teks drama ing inggil inggih menika

- a. Kuciwa
- b. Bungah
- c. Nelangsa
- d. Nggegirisi

21. Kesenian drama tradhisional sing moncer ing Jawa Timur khusus ing Surabaya lan Malang, sabanjure bisa sumebar ing saben-saben dhaerah diarani.....

- a. Ludruk
- b. Janger
- c. Kethoprak
- d. Wayang wong

22. Kesenian drama tradhisional sing sumber critane dijupukake saka buku Mahabarata lan Ramayana moncer ing Jawa Tengah, Yogyakarta, lan Jawa Timur diarani.....

- a. Ludruk
- b. Janger
- c. Kethoprak
- d. Wayang wong

23. Kesenian drama tradhisional sing sumber critane dijupukake saka baku babad lan sejarah moncer ing daerah banyuwangi diarani...
 - a. Ludruk
 - b. Janger
 - c. Kethoprak
 - d. Wayang wong
24. Wong sing ngatur lumakune drama iku diarani.....
 - a. Paraga
 - b. Setting
 - c. Skenario
 - d. Sutradara
25. Structure teks drama sing mujudake rerangkening crita utawa rerangkening konflik para paraga wiwitan nganti tekane pungkasan diarani.....
 - a. Plot
 - b. Tema
 - c. Paraga
 - d. setting

Wacanen kagem mangsuli pitakonan nomor 26—40!

Assalamualaikum wr. wb.

Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan

Bapak saha ibu guru ingkang satuhu luhuring budi

Para kanca kang kula tresnani

Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat saengga kita saged makempal kanthi bagas waras wonten ing pahargyan pengetan dinten Kartini puniki.

Pengetan dinten Kartini wigatos sanget tumrap kula panjenengan sedaya. R.A. Kartini pindanipun sekar ingkang tansah mbabar angambar ganda arum ing bangsa Indonesia. Labuh lebetipun R.A. kartini saestu luhur sanget tumrap kaum Wanita. Langkung-langkung ing wekdal sapunika ingkang taksih kedah meres penggalih kagem majengipun bangsa.

Pancen sampun dipunkodrataken para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus. Sanadyan makaten, awit saking pangribawanipun lelabetanipun Ibu Kartini, para wanita saged nggadahi manah ingkang tansah makantar pindha waja ngudi kautaman.

Kanthi makaten, sumangga kadang-kadang putri sami saged nglajengaken gegayuhan tuwin lelabetanipun Ibu Kartini ingkang luhur punika. Tansah ngudi jatidhirinipun putri Indonesia ingkang prasaja, mrantasi sadengah karya.

(.....)

Wassalamualaikum wr. wb.

26. Miturut teks ing inggil, kang kalebet perangan pambuka inggih menika
 - a. Assalamualaikum wr. wb.
 - b. Pancen sampun dipunkodrataken para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus.
 - c. Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat
 - d. Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan, Bapak saha ibu guru ingkang satuhu luhuring budi, Para kanca kang kula tresnani
27. Isi teks pidhato ing inggil yaiku

- a. Reroncening adicara pengetan dinten Kartini.
 - b. Lelabetanipun Ibu Kartini tumrap para wanita Indonesia.
 - c. Jinis-jinis lomba kang bakal ditindakake kagem mengeti dina Kartini.
 - d. Pangajak kagem para wanita supaya nggadahi buku Habis Gelap Terbitlah Terang karangan R.A. Kartini.
28. Tuladha pangarep-arep saking teks pidhato ing inggil inggih menika
- a. Para wanita kudu nganakake pengetan dinten Kartini sesarengan.
 - b. Mug-mugi putri Indonesia kedah saged makarya ing mancanegara.
 - c. Pamarentah kedah saget ndadosaken R.A. Kartini minangka Pahlawan Nasional.
 - d. Para kadang putri supados sami saged nglajengaken gegayuhan tuwin lelabetanipun Ibu Kartini ingkang luhur.
29. Ukara kang trep kalian isi teks pidhato ing inggil inggih menika
- a. Lelabetanipun R.A. Kartini kirang diugemi masyarakat Indonesia.
 - b. Pengetan dinten Kartini boten wigatos tumrap kula panjenengan sedaya.
 - c. Pancen sampun dipunkodrataken menawi para wanita nggadahi tumindhak ingkang kalangkung kuat.
 - d. Awit saking pangribawanipun lelabetanipun Ibu Kartini, para wanita saged nggadahi manah ingkang tansah makantar.
30. Ing inggil punika kang boten kalebu tuladha purwaka pidato kang trep inggih menika nomer
- a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4
31. "Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih pinaringan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi pinaringan karaharjan."
Perangan teks tanggap wacana ing dhuwur diarani....
- a. Salam pambuka
 - b. Purwaka
 - c. Surasa basa
 - d. Panutup
32. Atur pamuji syukur marang Gusti Allah lan atur panuwun marang para rawuh/tamu sing kaperang rawuh, ing teks pambagyaharja ing dhuwur diarani....
- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Wusana
33. "Para lenggah ingkang kinurmatan, cekap semanten atur perpisahan punika, menawi wonten kiranging atur kaladuking wicantenan, kula tansah nyuwun agunging Samudra pangaksami." Andharan kasebut kalebu.....

- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Panutup
34. Salam pungkasan marang para tamu utawa sing kaperang rawuh, diarani.....
- a. Salam pambuka
 - b. Purwaka
 - c. panyapa
 - d. Salam panutup
35. Ingkang kula hormati bapak Kepala Desa.
Ing inggil punika minangka tuladha ukara ing pidhato
- A. Pembuka
 - B. Purwaka
 - C. Panyapa
 - D. Wasana
36. Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh. Mugi katentreman tansah kasarira
dhateng kita sadaya.
Ukara iki ana ing sajroning, diarani....
- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Salam pambuka
37. Salam pungkasan marang para tamu utawa sing kaperang rawuh, diarani.....
- a. Salam taklim
 - b. Salam karaharjan
 - c. Salam pambuka
 - d. Salam panutup

38. Kula cekapi semanten rumiyin rumiyin atur kula, bilih wonten kiranging atur mawantuwantu kula nyuwun lumunturing samodra pangaksami.

Ing dhuwur iku tuladha perangane sesorah yaiku.....

- a. Isi
- b. Pembuka
- c. Panutup
- d. Surasa

39. Jamaah jumat ingkang kawula bhekteni, monggo kita sareng-sareng nglampahi sedaya ingkang sampun perintah dining Alloh SWT. Lan nebihi sedaya larangan-laranganipun.

Ukara-ukara ing inggil minangka tuladha

- a. Sesorah
- b. Khotbah
- c. Atur pambagya
- d. Atur pranatacara

40. Bapak/Ibu kepala sekolah ingkang satuhu kulo bekteni. Bapak/ibu guru ingkang satuhu kinurmatan. Bapak/ibu staf Tatat Usaha ingkang dhahat kinurmatan. Pethikan ukara kasebut kalebu.....

- a. Purwaka
- b. Salam pembuka
- c. Surasa basa
- d. Salam panutup